

### **BAB III**

## **MÉTODE PANALUNGTIKAN**


Métode panalungtikan nyaéta léngkah nu dilakukeun ku panalungtik pikeun ngumpulkeun informasi, sarta ngalakukeun *investigasi* kana data nu geus aya. Dina ieu panalungtikan dipedar ngeunaan desain panalungtikan, lokasi jeung sumber data panalungtikan, instrumén panalungtikan, sarta téhnik ngumpulkeun data. Sedengkeun métode nu digunakeun ku panalungtik nyaéta pamarekan kualitatif métode déskriftif analisis.

Nurutkeun Sugiyono (2018, kc. 9) métode panalungtikan kualitatif nya éta métode anu dipaké pikeun nalungtik kondisi objék anu alamiah, dimana nu nalungtik jadi konci tina instrumén panalungtikanana, téhnik ngumpulkeun data dilakukeun sacara triangulasi (gabungan), analisis data miboga sipat induktif/kualitatif, jeung hasil panalungtikan kualitatif leuwih condong kana makna tibatan generalisasi. Metode panalungtikan kualitatif ilaharna disebut panalungtikan naturalistik lantaran panalungtikanana museur kana kaayaan ilmiah, lian ti éta ogé sok disebut métode étnografi lantaran métode kualitatif leuwih sering dipaké pikeun nalungtik ngeunaan widang antropologi budaya. (Sugiyono, 2018, kc. 8).

Bodgan jeung Taylor (dina Moleong, 2010, kc.4) nétélakeun yén métode kualitatif nyaéta prosedur panalungtikan anu ngahasilkeun data déskriftif mangrupa data lisan atawa tulisan ti jalma-jalma sarta paripolah anu keur ditalungtik. Analisis nu digunakeun dina panalungtikan kualitatif sipatna dékriptif-analitik, hartina miboga interprétasi kalayan eusi nu dijieun sarta disusun sacara sistematis atawa sagemblengna (Margono, 2014. Kc. 36-37). Ku kituna, metode deskriptif dilakukeun ku cara ngadéskripsikeun fakta-fakta, tuluy disusul ku cara analisis. Sacara étimologi déskripsi jeung analisis hartina ngadadarkeun (Ratna, 2013, kc. 53).

### 3.1 Désain Panalungtikan

Nurutkeun Arikunto (2013, kc. 90) nétélakeun yén desain panalungtikan téh nya éta rencana atawa rarancang nu dijieun ku panalungtik, salaku ancang-ancang kagiatan anu bakal dilaksanakeun. Ku kituna, desain panalungtikana nya éta:




Bagan 3. 1  
Desain Panalungtikan

## 3.2 Lokasi jeung Sumber Data Panalungtikan

### 3.2.1 Lokasi Panalungtikan

Lokasi anu dijadikeun tempat panalungtikan nya éta Kecamatan Jatigede Kabupatén Sumedang. Kecamatan Jatigede legana 93.633 Ha. Kecamatan Jatigede perenahna aya di belah wétan dayeuh Kabupatén Sumedang, wates Kecamatan Jatigede nya éta di belah kulon aya Kecamatan Wado, belah wétan Kecamatan Jatinunggal jeung Kabupatén Majalengka, belah kalér Kecamatan Tomo.

Sacara geografis Kecamatan Jatigede perenahna aya dina  $6^{\circ}41'$  LU- $6^{\circ}45'$  LS jeung  $107^{\circ}58'$  BT- $108^{\circ}40'$  BT. sacara topografi, Kecamatan Jatigede mangrupa *dataran tinggi* nya éta 280-500 *mdpl* sarta miboga iklim *tropis*. Ieu hal nu ngalantarankeun taneuh di daérah Kecamatan Jatigede alus pikeun tatanén saperti melak palawija atawa melak pare.



Gambar 3. 1

## Peta Wilayah Panalungtikan Kecamatan Jatigede

Dede Fuji Nooraini, 2020

**PERAN INDUNG BEURANG DINA PROSÉSI LAHIRAN DI KECAMATAN JATIGEDE KABUPATEN SUMEDANG**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

### 3.2.2 Kondisi Sosial Budaya Masyarakat Kecamatan Jatigede

#### 3.2.2.1 Démografi atawa Kependudukan

Kecamatan Jatigede mangrupa salasahiji kecamatan nu aya di Kabupatén Sumedang Jawa Barat. Kecamatan Jatigede perenahna aya di belah wétan dayeuh Kabupatén, Sumedang, wates Kecamatan Jatigede belah kalér aya Kabupatén Majalengka jeung Kecamatan Tomo, di belah kulon aya Kecamatan Wado jeung Situraja, di belah wéta aya Kabupatén Majalengka jeung Jatinunggal, sedengkeun di belah kidul aya Kecamatan Jatinunggal. Kecamatan Jatigede dibagi jadi 8 désa.

Lega wilayah di Kabupatén Sumedang nyaéta 155.871,98 Ha, luyu jeung Peraturan Daerah Kabupaten Sumedang No. 2 Taun 2012 ngeunaan Rencana Tata Ruang Wilayah Kabupaten Sumedang Taun 2011-2031 nu ngawengku 26 kecamatan, kaasup Kecamatan Jatigede. Dibagi kana 210 lembur jeung 7 kelurahan Kecamatan.

Jumlah penduduk Kecamatan Jatigede taun 2018 nya éta aya 24.538 jiwa. Ditilik tina komposisina, jumlah penduduk Kecamatan Conggéang leuwih loba awéwé batan lalaki. Di handap ieu aya jumlah penduduk dumasar kana wandabaga.

No.	Ngaran Lembur/Désa	Lalaki	Awéwé	Jumlah
1.	Cisampih	1002	1011	2013
2.	Ciranggem	1899	2087	3986
3.	Cijeungjing	1836	1854	3690
4.	Kadujaya	1104	1131	2235
5.	Mekarasih	852	957	1809
6.	Sukakersa	371	371	742
7.	Jemah	1553	1684	3237
8.	Karedok	1148	2263	4511
9.	Lebaksiuh	820	1004	1824
10.	Kadu	894	1016	1910

11.	Cipicung	1814	1937	3751
Jumlah		2089	15449	24.538

Tabél 3. 1

Jumlah Penduduk Kecamatan Jatigede Kabupatén Sumedang di taun 2018

(Sumber: Data Penduduk Kecamatan Jatigede Taun 2018)

### 3.2.2.2 Agama atawa Sistem Kapercayaan

Masyarakat di Kecamatan Jatigede mayoritasna nya éta agama Islam, sok sanajan aya sababaraha urang anu nganut agama séjén tapi biasana éta nu datang atawa kaasup masarakat rantau. Jumlah tempat ibadah nu aya di Kecamatan Jatigede kurang leuwih aya 70 masjid jeung 34 mushola.

Désa Cisampih nu jadi tempat panalungtikan ogé sakabéh masarakatna miboga kapercayaan kana agama islam. Ku kituna dumasar data nu aya di désa aya sababaraha hiji tempat ibadah nya éta masjid jeung mushola nu aya diunggal lembur nu aya di Désa Cisampih.

Tabél 3. 2

#### Tempat Ibadah di Désa Cisampih

No	Ngaran Tempat Ibada	Jumlah	Lokasi
1	Masjid Jami	3	<i>Tersebar</i>
2	Mushola	4	<i>Tersebar</i>
3	Pondok Pesantren	-	-

(Sumber: Data Profil Désa Cisampih Taun 2019)

### 3.2.2.3 Basa

Masarakat di Kecamatan Jatigede umumna pituin Sunda. Basa nu digunakeun ogé dina sapopoé nyaéta ngagunakeun basa Sunda. Aya ogé masarakat nu lain asli ti Sunda atawa masarakat luar Jawa Barat ti Jawa, saperti Aceh, Jawa, Padang, jsb. Masarakat nu lain pituin Sunda biasana ngagunakeun basa Indonesia nalika

komunikasi. Kitu ogé basa nu digunakeun di Désa Cisampih nu jadi tempat panalungtikan nya éta ngagunakeun basa Sunda.

### 3.2.2.4 Atikan

Atikan minangka hiji kabutuhan pikeun lumangsungna kahirupan. Atikan mangrupa sumber pangaweruh pikeun masyarakat dina nangtukeun hadé goréngna laku langkah atawa paripolah unggal jalma. Atikan nu dilaksanakeun jeung aya di kecamatan Jatigede luyu jeung tingkatanana ti mimiti TK (*Taman Kanak-kanak*) nepi ka sakola *menengah*. Anapon atikan nu dilaksanakeun luyu jeung tingkatanana aya dina bendeulan data kecamatan.

Dumasar data panalungtikan, atikan masarakat di Desa Cisampih lolobana nepi tamat SD sok sanajan loba ogé nu nepikeun ogé nu nepikeun ka paguron luhur. Sedengkeun dumasar tempat dilaksanakeunna ieu panalungtikan, sarana atikan nu aya di Désa Cisampih nya éta ti tingkat PAUD nepi ka tingkat SMP.

Tabél 3. 3

#### Atikan Masarakat Désa Cisampih

No	Tingkat Pendidikan Penduduk	Jumlah	Presentase (%)
1	Belum sekolah	460	17,01
2	Belum tamat SD	195	8,50
3	Tidak tamat SD	15	0,56
4	Tamat SD	1.523	56,33
5	Tamat SLTP	340	11,47
6	Tamat SLTA	149	4,57
7	Aakademi	7	0,41
8	S1	33	1,11
9	S2	1	0,04
10	S3	0	0
Jumlah		2.683	100

(Sumber: Data Profil Désa Cisampih Taun 2019)

Tabél 3. 4  
Sarana Atikan di Désa Cisampih

No	Jenis Sarana Atikan	Jumlah	Lokasi
1	TK	-	-
2	RA	-	-
3	PAUD (Kober)	2	Dusun I jeung II
4	TKA/TPA	3	Tersebar
5	SD Negeri	2	Dusun I jeung II
6	MDA	1	Dusun Ciawi
7	Pondok Pesantren	-	-

(Sumber: Data Profil Désa Cisampih Taun 2019)

### 3.2.2.5 Pakasaban

Pakasaban anu dilakukeun ku masarakat kecamatan Jatigede lolobana nya éta jadi patani atawa buruh tani. Anapon kitu aya sababaraha masarakat anu pakasabanana salaku pagawé nagri atawa di kantoran jeung aparatur désa/kecamatan. Malah kiwari ku ayana bendungan/waduk Jatigede ngalantarankeun sawaréh warga ganti pakasaban jadi tukang ngala lauk. Sedengkeun, dumasar data nu aya di kantor Désa Cisampih nya éta tempat panalungtikan, lolobana masarakat téh pakasabanna tani jeung *ibu rumah tangga*.

Tabél 3. 5  
Pakasaban Masarakat Désa Cisampih

No	Jenis Pakasaban	Jumlah	Presentase (%)
1	TNI	1	0,04
2	POLRI	1	0,04
3	Pensiunan	13	0,59
4	PNS	19	0,74
5	Karyawan Swasta	27	1,00
6	Petani	671	26,22
7	Wiraswasta	318	10,77
8	Pelajar/Mahasiswa	247	10,92
9	IRT	804	29,26
10	Bidan	2	0,07
11	Buruh	7	0,26
12	Belum bekerja/ tidak bekerja	587	19,31



13	Lainnya	21	0,78
Jumlah		2.684	100

(Sumber: Data Profil Désa Cisampih Taun 2019)

### 3.2.2 Sumber Data Panalungtikan

Nurutkeun Arikunto (2017, kc. 129) nu dimaksud sumber data panalungtikan nya éta sumber data anu mangrupa subjék anu bakal ditalungtik. Sumber data anu disebutkeun ku Arikunto ngawengku tilu aspék, nya éta jalma (*person*), tempat (*place*), jeung keretas (*paper*). Sumber data dina ieu panalungtikan nya éta jalma anu bakal diwawancara, tempat lumangsungna wawancara atawa sumber data, jeung dokumén atawa buku sumber anu dijadikeun acuan jeung pedoman dina ieu panalungtikan.






- 1) Jalma atawa narasumber anu bakal diwawancara nya éta indung beurang, indung peuting (indung budak nu ngagunakeun jasa indung beurang), tokoh-tokoh adat, kuncén jeung masarakat nu aya di sababaraha désa di Kecamatan Jatigede, Kabupatén Sumedang.
- 2) Sumber data nu mangrupa tempat nya éta désa-désa di Kecamatan Jatigede, Kabupatén Sumedang. Sumber data nu mangrupa dokumén atawa buku sumber ngeunaan indung beurang, Peran indung beurang dina prosési ngalahirkeun di Kecamatan Jatigede, prosési ngalahirkeun nu aya di Kecamatan Jatigede, jeung properti nu digunakeun dina prosési ngalahirkeun, jeung buku ngeunaan ulikan sémiotik.





Sumber data dina ieu panalungtikan nya éta masarakat di Kecamatan Jatigede Kabupatén Sumedang, nu mana désa anu dijadikeun sampel utama nya éta Désa Cisampih. Jumlah sakabéh narasumber 15 warga, 1 urang indung beurang, 1 urang bidan désa, 1 urang pagawé kecamatan, 1 urang pagawé desa, 12 pengguna jasa indung beurang.



Tabél 3. 6

## Idéntitas Réspóndén/ Informan

No.	Idéntitas Réspóndén	
1.		Wasta : Icem Umur : 70 taun Wandabaga : Awéwe Alamat : Babakan, Cisampih Atikan : SR Pakasaban : Tani Kalungguhan : Ma Paraji/ indung beurang Désa Cisampih
2.		Wasta : Lilis Umur : 48 taun Wandabaga : awéwé Alamat : Ciranggem Atikan : SMP Pakasaban : Pagawé di kantor désa Kalungguhan : Kepala Urusan Keuangan Désa
3.		Wasta : Ade Umur : 56 taun Wandabaga : lalaki Alamat : Cisampih Atikan : SMU Pakasaban : pagawé negeri sipil Kalungguhan : Sekertaris Kecamatan
5.		Wasta : Tantri Umur : 34 taun Wandabaga : Awéwé Alamat : Cisampih Atikan : S1 Pakasaban : Bidan Kalungguhan : Bidan Désa Cisampih, Kecamatan Jatigede

No.	Identitas Respondén	
6.		Wasta : Euis Sinta Wulan Umur : 26 taun Wandabaga : Awéwé Alamat : Cisampih Atikan : S1 Pakasaban : Guru SMP Kalungguhan : pengguna jasa indung beurang
7.		Wasta : Idah Umur : 45 taun Wandabaga : awéwé Alamat : Cisampih Atikan : SMP Pakasaban : Wirausaha Kalungguhan : pengguna jasa indung beurang
8.		Wasta : Otin Umur : 46 taun Wandabaga : awéwé Alamat : Cisampih Atikan : SMP Pakasaban : Tani Kalungguhan : pengguna jasa indung beurang
9.		Wasta : Fitri Umur : 38 taun Wandabaga : awéwé Alamat : Cisampih Atikan : SMP Pakasaban : Wirausaha Kalungguhan : pengguna jasa indung beurang
10.		Wasta : Uyet Umur : 50 taun Wandabaga : awéwé Alamat : Cisampih Atikan : SMP Pakasaban : Wirausaha Kalungguhan : pengguna jasa indung beurang

No.	Idéntitas Réspéndén	
11.		Wasta : Mamah Umur : 44 taun Wandabaga : awéwé Alamat : Cisampih Atikan : SMP Pakasaban : Tani Kalungguhan : pengguna jasa indung beurang
17.		Wasta : Ina Umur : 32 taun Wandabaga : awéwé Alamat : Cisampih Atikan : SMP Pakasaban : Tani Kalungguhan : pengguna jasa indung beurang
18.		Wasta : Pera P. Umur : 27 taun Wandabaga : awéwé Alamat : Cisampih Atikan : S1 Pakasaban : Guru PAUD Kalungguhan : pengguna jasa indung beurang
19.		Wasta : Cucu Umur : 35 taun Wandabaga : awéwé Alamat : Cisampih Atikan : SMP Pakasaban : pagawé di kantor désa Cisampih Kalungguhan : pengguna jasa indung beurang

No.	Idéntitas Réspóndén	
20.		Wasta : Anah Umur : 34 taun Wandabaga : awéwé Alamat : Cisampih Atikan : SMP Pakasaban : Tani Kalungguhan : pengguna jasa indung beurang
21.		Wasta : Carmanah Umur : 35 taun Wandabaga : awéwé Alamat : Cisampih Atikan : S1 Pakasaban : Guru SMP Kalungguhan : pengguna jasa indung beurang
23.		Wasta : Anih Amiarti Umur : 43 taun Wandabaga : awéwé Alamat : Cisampih Atikan : SMP Pakasaban : Tani Kalungguhan : Pengguna jasa indung beurang

### 3.3 Téhnik Ngumpulkeun Data

Nurutkeun Sugiyono (2018, kc. 225), dina panalungtikan kualitatif, ngumpulkeun data dilakukeun dumasar kana natural setting (kaayaan alamiah), sumber data primer, jeung téhnik ngumpulkeun data leuwih loba dina observasi, wawancara jeung dokuméntasi.

Téhnik nu digunakeun dina ngumpulkeun data nya éta:

- 1) Maca buku sumber ngeunaan Indung Beurang, peran Indung Beurang dina prosési ngalahirkeun jeung Properti anu digunakeunana dina prosési lahiran,

Dede Fuji Nooraini, 2020

**PERAN INDUNG BEURANG DINA PROSÉSI LAHIRAN DI KECAMATAN JATIGEDE KABUPATEN SUMEDANG**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

ogé maca buku tiori sémiotik pikeun maluruh unsur sémiotik anu nyampak dina unggal properti anu digunakeun ku Indung Beurang dina prosési ngalahirkeun disababaraha désa nu aya di Kecamatan Jatigede pikeun ngarojong data panalungtikan.

- 2) Observasi ka désa-désa di Kecamatan Jatigede
- 3) Ngayakeun wawancara ka Indung Beurang, kuncén, tokoh adat, jeung masarakat nu aya disababaraha désa di Kecamatan Jatigede
- 4) Ngadokuméntasikeun properti anu digunakeun ku Indung Beurang dina prosési ngalahirkeun di Kecamatan Jatigede.

### **3.4 Instrumén Panalungtikan**

Instrumén panaungtikan nyaéta alat anu digunakeun ku panalungtik salila ngalakukeun panalungtikan atawa dina lumangsungna kagiatan panalungtikan. Instrumén anu digunakeun nya éta:

- 1) Alat rékam

Alat rékam digunakeun pikeun ngarékam data anu diébréhkeun ku narasumber salila wawancara.

- 2) Kaméra

Kaméra digunakeun pikeun ngadokuméntasikeun jeung ngumpulkeun data hasil wawancara atawa panalungtikan di lapangan, lian ti kitu ogé pikeun ngadokuméntasikeun properti atawa alat jeung bahan nu digunakeun ku Indung Beurang jeung ngadokuméntasikeun jalma atawa masarakat anu kalibet dina ieu panalungtikan.

- 3) Pedoman Wawancara

Pedoman wawancara digunakeun pikeun jadi pedoman panalungtik dina ngalakukeun wawancara ka narasumber sangkan bisa muserkeun obrolan kanu naon-naon anu jadi tujuan utama dina ieu panalungtikan. Pedoman wawancara nu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta sajumlahing pananya ieu di handap.

Tabél 3. 7

## Instrumén 1 Idéntitas Informan

No.	Biodata Informan :
1.	Waktu Wawancara :
2.	Wasta :
3.	Yuswa :
4.	Wandabaga :
5.	Atikan :
6.	Pakasaban :
7.	Kalungguhan :

Tabél 3. 8

## Instrumén 2 Patalékan Pikeun Indung Beurang

No.	Daftar Patalékan Pikeun Indung Beurang	
1.	Peran Indung Beurang dina prosési ngalahirkeun di Kecamatan Jatigede, Kabupatén Sumedang	<ol style="list-style-type: none"> <li>1. Ti iraha ayana Indung Beurang di Kecamatan Jatigede?</li> <li>2. Aya sabaraha urang profési Indung Beurang di Kecamatan Jatigede?</li> <li>3. Kumaha peran Indung Beurang dina prosési ngalahirkeun di Kecamatan Jatigede?</li> </ol>
2.	Prosési ngalahirkeun di Kecamatan Jatigede, Kabupatén Sumedang jeung Properti nu digunakeun ku Indung Beurang dina prosési atawa prak-prakan (pra, lumangsung jeung pasca) ngalahirkeunana	<ol style="list-style-type: none"> <li>1. Kumaha waé tatahar dina prak-prakan prosési ngalahirkeun di Kecamatan Jatigede anu dibantuan ku Indung Beurang téh?</li> <li>2. Naon waé properti anu sok digunakeun ku Indung Beurang dina prak-prakan prosési ngalahirkeun ti mimiti</li> </ol>

		kakandungan, pas lahiran, jeung pasca ngalahirkeun di Kecamatan Jatigede?
3.	Unsur sémiotik anu nyampak dina unggal properti nu digunakeun ku Indung Beurang dina prosési (pra, lumangsung, jeung pasca) ngalahirkeun	Dumasar kapercayaan jeung tradisi di Kecamatan Jatigede ma'na jeung simbol naon anu nyampak dina unggal properti (alat jeung bahan) nu digunakeun ku Indung Beurang dina prosési ngalahirkeun di Kecamatan Jatigede?

Tabél 3. 9

## Instrumén 3 Daftar Patalékan Pikeun Pengguna Jasa Indung Beurang

No.	Daftar Patalékan Pikeun Pengguna jasa Indung Beurang
1.	Naon nu jadi alesan Ibu/Tétéh ngagunakeun jasa indung beurang?
2.	Ti iraha Ibu/Tétéh ngagunakeun jasa indung beurang?
3.	Saha waé anu biasana ngagunakeun jasa indung beurang salian ti Ibu/Tétéh?
4.	Naha ngagunakeun jasa indung beurang téh sacara turun-tumurun?
5.	Naon waé kaonjoyan nu dirasakeun nalika diurus ku indung beurang?
6.	Naon waé kahéngkéran nu dirasakeun nalika diurus ku indung beurang?
7.	Naon waé pituduh nu biasana dianjurkeun jeung dilaksanakeun ti mimiti kakandungan nepi ka bérés (pasca) ngalahirkeun?
8.	Naon waé jamu jeung obat-obatan nu biasana dianjurkeun ku indung beurang pikeun dikonsumsi salila kakandungan nepi ka bérés ngalahirkeun?



9.	Naon waé pantrangan-pantrangan nu kudu disingkahan salila kakandungan nepi ka ngalahirkeun?
10.	Naon waé ritual atawa prosési nu biasana dilaksanakeun ti mimiti kakandungan nepi ka bérés ngalahirkeun?
11.	Naon nu jadi alesan Ibu/Tétéh masih percaya ka jasa indung beurang ti batan ngagunakeun tanaga médis saperti dokter kandungan?
12.	Sabaraha biaya nu dikaluarkeun pikeun mayar jasa indung beurang, ti mimiti ngurus kakandungan, brolna orok, nepi ka ngurus sabada ngalahirkeun?

### 3.5 Téhnik Ngolah jeung Nganalisis Data

#### 3.5.1 Téhnik Ngolah Data

Nurutkeun Sugiyono (2017, kc. 244) analisis data atawa ngolah data nyaéta prosés néangan jeung nyusun sacara sistematis data nu aya tina hasil wawancara, catetan lapangan, dokuméntasi, ku cara ngaorganisasikeun data kana katégori, ngajabarkeun data kana unit-unit, ngalakukeun sintésa, nyusun kana hiji pola, milih mana nu penting jeung nu bakal ditalungtik, satuluyna nyieun kacindekan. Léngkah-léngkah dina ngolah data bisa diwincik saperti ieu dihandap.

- a. Nyangking atawa niténan data nu geus aya.
- b. ngadéskripsikeun data dumasar rumusan masalah.
- c. nyieun kacindekan tina hasil nu geus katitén.

### 3.5.2 Téhnik Analisis Data

Téhnik analisis nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik analisis déskriptif kualitatif. Analisis data kualitatif téh sifatna induktif hartina hiji analisis dumasar data nu aya, anu satuluyna dimekarkeun jadi hiji hipotésis. Dina ieu panalungtikan analisis nu dilaksanakeun bisa dijabarkeun saperti ieu di handap.

- a. Niténan data anu geus kakumpulkeun
- b. Nyieun papasingan data hasil panalungtikan anu nuduhkeun peran Indung Beurang dina sawatara prosési ngalahirkeun nu aya di Kecamatan Jatigede, prak-prakan prosési ngalahirkeun jeung properti anu digunakeunana, jeung unsur semiotik anu nyampak dina properti anu digunakeun ku Indung Beurang dina prosési ngalahirkeun di Kecamatan Jatigede.
- c. Ngadéskripsikeun data nu mangrupa hasil panalungtikan ngeunaan peran Indung Beurang dina prosési ngalahirkeun di Kecamatan Jatigede, prak-prakan prosési ngalahirkeun jeung properti anu digunakeunana, jeung unsur semiotik anu nyampak dina properti anu digunakeun ku Indung Beurang dina prosési ngalahirkeun di Kecamatan Jatigede.
- d. Nyieun kacindekan tina hasil data nu geus kapaluruh.